

Pembantoe sareng
agen:
Priangan koelon.
Bestuur Pasoendan
Bogor.

di Tjandioer
Bestuur Pasoendan
Tjandioer.

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

SIPATAHOENAN

* Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja. *

Ditulisk di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

LANGGANAN.
3 sasih . . . f 1,50
Dibajar ti pajoen. Salambar 15 sen.

Redactie:
Heerenstraat 31.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktor:
SOETISNA SENDAJA
ATMAWINATA
Redaktor di Batavi
SOERIAD RADJA.

Directie: Administratie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja

Pangaoe ADVERTENTIE:
1/2, katja f 2,50 }
1/2, " f 1,50 }
Langganan langkoeng mirah.

Biantara.

Tadi djisim koering medar Persocean tea mapaj culturna anoe ngadideukeun ngadegna bangsa. Dina pajajan eta anoe koering pingahidjieun teh ngan tahapan loeboer anoe tjon-dong ka Indo tea, meureun dina djadina teh moal beda ti karep ngadegna Intelektueel vereeningung mar-hoem tea bae, ngan ajeuna mah malapah gedang, genti djalan, leu koe koering dipikarisi lantaran katoeng bakal misahua golongan pribumi, nadjan mimitina henteu dipikahjang oge. Anoe mawi koe koering ditakkoel ka dirjana, lantaran ykoeping sareng katingali saparantos sia maksoed ngadeg persatoean, bet rek ngenebrakeun B. O, noekang ka Pasoendan ngan rek knempoel diua Persatoean tea bae woengkoi, awal abir tanwande misah tea pegat tina tali bangsa.

Sakoe maha anoe parantos kapioen-djoek di loeboer ari koemboh msh koedoe, boga persatoean mah geus ninggang mangsa, boebuhan oerang kateungkent koe kaperloe, sarta talina tetep dina pagagon bangsa ke-nah deui, ngan beda roetjatanana ti anoe tadi di loeboer.

Doepi ngadegna bangsa tea, djati ti nganggo dadaar cultuur, sia deui nja eta koe raratan politik (hagbagan kangarau). Oepumi nyekti jroek politik mah geura apaan lat bae lali kana cultuur ogo kawanti koe panarikua poeitie tea, kalindih koe lahirish patali djeung kahirupan sagala roepa.

Oerang Soenda, cerang Djawa, oerang Soematra, cerang Ambon, Minahassa, Menado d.j. s. t. djoldjol d'leg bae ngadeg dijadi bangsa anoe ngahidi, ngawangoen dijadi hidji bangsa anjar anoe kokoeroeng koe hidji pa-marentahan, sarta raketna teu kahlangan koe cultuur.

Geuning ajeuna mah oerang ari djeung oerang Pilipiwa djeung oerang Malska mah, bet teu silih sambat teu paheuweuk leungeun, teu ngakoe bangsa tjara djeung anoe ditataan tadi, da nja eta teu katalian koe politik nagara padahal raratan cultuur mah oerang teh baraja ka dinja oge. Kantenan ari koe *edaga*, poelitik loeboer anoe aja dina hambalan koelit berwarna sareng koelit poethi mah aja patahna geuning sacer Mr. Sing-gih oge, tapi tjeuk koering mah, eta mah hambalan itoe toeh di manggoeng, hantjaen angke, ari ajeuna mah oerang* ngoeroeskeun tahapan anoe keur ditintjak bae. montong wara ngatjai ngahontalan anoe djaoh teuing bisa tikoesroek.

Djadi oerang biana ngahidji djeung bangsa-bangsa Indonesia teh, taja lian ngan koedoe inget atawa lantaran inget kana kokoeroeng koe politik pada njanghareup ka hidji pamarentahan diua aja parmenta djeung kaperloe anoe goena pikeun kasalaman djeung kangeunshan bangsa oerang sarere aroeedsg kamadjoean. Djadi ngan paleb: h poelitik woeng-koel oerang ngahidji teh, kitoe oge ngan dina anoe bieu tea bae, lain sagemblengna poelitik, da pada boga adjang tea. Koe lantaran eta diua tinthangan koering mah, nja koedoe woedjoedna pakempoelan bae anoe sabiloelengna dijadi poeta Indonesia teh, ari hidji-hidjina djelema mah intjoena, anak pakempoelan tea, djalma-ngindoeng ka pakempoelan ngubapa ka Indonesia.

Pakempoelan Pasoendan diua eng-goning ngahidji, dina kairdonesian tea oge tetep diua mageuhun toedjoe-anana anoe doeza roepa, nja eta: njo-reang ka toekang, moelassara salira, ka doeana milik tintjaken awas ka

noe bakal kasorang, noengtoet bari ngeusi dina kapoelitikan, ngahontal kamerdikaan. Ieu anoe dijadi hantja pakempoelan kabauksaan anoe ngadjoengdjoeng bangsa dibaroeng koe politik ngolah kanagaran ajeuna, keur ajeuna djeung pidjagaen.

Dalah dina rek ngahidjina djeung tatangga dina kaindonesian oge nja tetep kitoe bae, nja eta:

1. Oesaha sangkan Soenda dijadi bangsa kelas hidji, anoe satahapan djeung bangsa-bangsa noe lian, anoe koe doejna diakue bangsa geus moelja. Ieu roepa-roepa djalan oesahana.

2. Dina poelitikna, oesaha sangkan Soenda dijadi bangsa anoe bisa ugo-roes maneh, boga hak tjara bangsa noe oetema (zelf beschikkings rechts), ti ajeunana djeung pidjagaenana.

Noedagsa maksoed ka hidji perloe paheuken djeung tatangga lian, lantaran katjivit koelit kabawa daging. Nadjan lemboer Soenda laendor iale-ing oge, ari pakarangan tatangga hamana tangtoe tepa ka Soenda. Anoe mawi perloe silih djoengdjoeng djeung tatangga, lantaran dijadi djalan kana kamoeljaan salira koe andjeun. Henteu benten tjara oesaha dina roemah tangga. Atjeh Soenda koedoe madjos sangkan teu dijadi beangbeurat ka anoe lian. Ari ngoedag anoe kadoea mah seemawonna, teu tiasa pisah ti tatangga, da dina tinggal wet kanagrasan mah teu dipasing-pasing, kabeh oge koem inlander. Katoeroeg-toeroeg oerang koedoe awas atra kana rataran sadjarah, apal tigeobrahna Indonesi nepi ka dijadi bawahan teh baheula, babakoeun nja eta lantaran pagirang-girang tampion, getreng djeung tatangga sorangan nepi ka silih koerserkeun. Ieu anoe geus kaso-rang teh perloe dijadi losang pieunteugeun, sangkan ngahidjina dijadi kamoeljaan kareugreugan Indonesia sapagneusina, loeloes bangloes teu aja barebadanana.

Bangan kelas I tea anoe dipikah-jang koe Pasoendan mah hajang djeung koedoe make dadasaarna kabangsaan, lain dijadi bangsa tironan, tapi hajang dijadi Soenda moelja, anoe bakal koematjatjang di boeana, sajaga bahan-babana bibiriotik ti kiwari. Kautenan pisau Soenda moelja teh kedah aja sarat-saratin sareng sipay-sipatana deui, teh ngalaksanakeunana djeung anoe ngokolakeunana sangkan Soenda brak ka dinja, moal bisa diper-tjajakeun ka anoe lian, kadijaya ti koedoe koe Soenda pribadi, da dengeun mah dalah tatangga pisau moal aja anoe njaho bener di kasakit Soenda, naon kokoeranganana, lebuh mana foensana, tina moal bisa neuleun dan deungeun ngahontal rasana nbo lian. Meuleun noe sedjen mah dina ngoebaranana dina makihkeunana teh ngan tiba dikira-kira koe itoengan, henteu tatas tjara anoe ngawan-anan.

Ana teu tabah kana katoenaanana, nja moal bisa ngoanggakeunana, nadjan asak dina poelitikna oge, meureun kalah ka hooeloe ngalang-laoeng, ari soekona palatjer, atawa moesna Soenda ganti roepa koe ti-roean.

Dina palebah njanghareupna ka Pamarentah, hajang miloe ngasoep-keun maksoed tarekah ngolah nagara, ngoedag kabalametan, katengtreman Pasoendan tapanyensiwa, noengtoet ngoembah katoegenah bangsa koe djalan kalocloes. Eta marginia anoe mawi-Pasoendan oesaha sangkan bisa miloe oeloebloeng dina oenggal Raad, ti handap doegi ka-loeboerna.

Soegri lakee anoe mawa-kana koe-soet, sapertos kana taladjaka djele-

ma anoe kadioeroeng napoe, sasar kabawa askabu-kaba njieun roesoh han djeung nganaja papeda & cela, koe Pasoendan tangtoe pisan moal karoedjoekan, malah Pasoendan miloe njempad djeung manghandjakaalkeun kana kalakoean bangsaan ngaroesohkeun ajeuna. Emoetan perloe oge ngalakeun sora, ujoemoen-boenkeun (tugahamiun) kana kasa-eranana leden Volksraad Djoeragan Soejono, Djoer. Dwidjosewoyo, Djr. Soeroso d.j. s. t. anoe parantos dili-sankeun di Volksraad nalika ngawaler kana wawaran wawakil Pamarentah perkawis kariboetan koeminis dina vergadering panoetoep tea.

Dawoehan Kangdjeng Toean Besar Jhr. de Graeff dina balika nembe rawoeh, ngawitan pisan ngasta kakawasan Hindia, di Volksraad ping 7 September: "Koering teh atoech lain Walanda sadjati, iamoen teu pane-djoe kana toedjoean. Pakempoelan Kabangsaan mah....." kitos kinten-kinten pisoendaeunana.

Tjing ajeuna saha pagave Pamarentah anoe rek wangkelang, keukeuh teu paneoedoe kana toedjoean Pakoem-pelan Kabangsaan, sanggeus ngadarangge, sanggeus aroeninga manah Radjana, Pangagoengna Toean Besar kitoe?

Perloe kabina-bina oerang oeninga kana mamahsanana, kapintefanana, para Panggoeng'anoe laloehoer anoe araloes, sangkan toteia siksik melikna bangsa tektel bengke anoe harapeuk di handap, da simana horeng itoe mah di loeboer rea anoe palinter saloerti djeung enja adilna teh desmitak nguneun ka oerangna.

Oepama pek koe oerang dipikir, Toean Besar oge geuning bet kitoe dawoehanan, tjing oerang suntungsukun ka Soenda ajenna atoech Soenda anoe teu paneoedoe kana kabangsaan teh saroea bae djeung lain Soenda Soenda sadjati, alias Soenda sisirangan tea meureun, da tjtak Toean Besar

Djadi enggonging oerang njanghareupna Pakoem-pelan Kabangsaan, dina mangsa-mangsa ajeuna geus oleh galidore oleh aja, karanggis deui, koedoe tambah djoenoen tambah tergtrem meungpeung moal aja anoe ngabaroe biroe ngahalang-halang, da sok radjeun aja batoer anoe lantarsen baae bae woengkoi, pang henteu miloena teh. Tapi nadjan anoe dijadi Toean Besar ten moepakat oge kana toedjoean kabangsaan, oleh ari boer mah, oerang djongdjon bae, da oerang teu ninggap di salah, tetep dina ngabelaan lemah tja katoet ka sapageusina. Kapan niat anoe geus gilig toer boner mah, moal beunang dihalang-halang ngadjoengdjoeng bangsa soemodoedja ka anoe dijadi loeboer, toer teu kaloear tina wewengkon pagagon nagara, lain djalan serong.

Ngan ajenna kari masinikeun per-kara woedjoedna Pakoem-pelan Kabangsaan, tah ieu oerang beberkeun, oerang pidaukeun, da nadjan geus ejah ringkoekna ogo-ari mabra pisan mah teu atjan, kawantoe ari koe toelisan mah beda deui djeung koe ilsan, ngan sok diaroh ringkoekna, sangkan oleh pandjang teuing. Geuning dina atoeran kanagaranan.

Dia oerang papaj tina djangkar-na, pang bidil rasa kabangsaan ajeuna. Di oerang mekarna bidilna kabangsaan ajeuna sjaune mah enja-enja tina asal toegenah taja tanaga toegenah koe pamarentahan, toegenah koe patajpoer djeung deungeun, toegenah koe kaboga, d.j. s. t. soekot.

Njokot tjonto alam Madjapait, so-kon-sosot boemela ka radja, ka Ga-

djah Mada, atoech da koering pikaoeatoenganeunana; oenggoel perangna Gadjah Mada, Djawa tambah banda, tambah kawasa, karasa koe snoe oeseha. Sowis barita dijadi pakakas, dijadi balad. Ieu medala kabangsaan bacheula rek naloek-naloekkeun batoer.

Djepang nja sampoeneneng, totom-plokan merangan Roeslan, boeahna karasa koe sarere, naek harkatna teh kapan ti harita. Boeahna rasa kabangsaan.

Koempeni balantik di Hindia bahula, batina dijadi kaoentoengen Walanda, tepi ka ajeuna. Galoerana Nederland, eta boeah oesahana bangsa Walanda, kasenangan pikeun anak intjoena anoe doe hooles pet njewa ngabelaan kabeungharan lemah tja-nia, ajeuna kari karara moeljana koe noe pandeuri.

Oepama Koempeni henten saroson-sosan, oepama Oranje tijtingeun henten oesaha. Walanda meureun dijadi bawahan, atawa hiroep koe panjoe-keup batoer. lahan manoempang imsh kodompol, tjeuk babasaan tea mah. Bangsa Walanda paguh kawasna njekel katjapangan oerang Arab anoe oengelna: Sangeunahna oge dieroes deungeup, moal ngeunah tjara aja dina pikkeroes scrangan.

Oerang Hindia ajeuna gens aja di na dijadiahna Walanda, geus djadi bawahan, eta ngan kari ngintetkeun kana titis toelis, deuk njalakheun atoech tjalakheun ka saha, deuk han-djakal koemaha, geus teu beunang dipakehahandjakan, ngan kari soeme-rah kana kader, oelih tinggal tina ibtiar toeroeg toeroeg geus karasa oge kaeenangananana pangoeroeng kapan pamarentah teh sajeuna mah koe sabungan bangsa oerang. Oerang ajeuna ngan kari oesaha sangkan sadjeroning dijadi bawahan teh masing pi-nanggi djeung kamoeljana, djeung kangeunahan, koedoe bisa tipi diri sangsang badan, sing bisa ngadjatnakeun awak sorangan, malah mandar isook djaganing pageto gedena kakawasaan tea, ragrag deui kana leungeun bangsa oerang, da tetela geuning ajeuna geus eungkent-enngkeut bangsa oerang disambat kana ngadjalankun kakawasaan. Eta galagat anoe sakitoe aloeusna koe oerang oerang poelusara, sangkan tambah ngarendakah biss kaala boeahna koe sareera.

Ajeuna koe oerang katingal, dina prakna oerang miloe ngadjalankun kakawasaan nagara, kakara saeutik keneh pisan, lamoen dibandingkeun djeung sagembengna kakawasaan, tapi nja geus aja binihua, kari djadi na djeung marcndona. Eta pangabisa oerang beunang disebot oesahen itoe, ditoengtoen djeung ditalingakeun koe Pamarentah, soegan naek djaganan ka na ditalingakeun woengkoi, nepi ka barkerat djeung martabat oerang sareoa pisan kakawasaanana dina pamarentahan djeung bangsa Walanda. Pertjaja kana saer djeung panemoena.

Tadi di loeboer sanggem dijsim koering, pakempoelan kabangsaan teh kadioeroeng koe roepi-roepi-sabab, aja lautan toegenah tea, malarat tea, kieu tea kitoe tea. Eta teh sajaktana, da geuning bacheula mah keur alam oerang teu soesah sagala loebak libook, tjmpoor ngan djeung pada batoer woengkoi, teu aja baa kabangsaan, teu ngadeg pakempoelan teusing. Malah kapan anoe dieroes-keun anoodiaroedig teh nja tina ian-taran teu keneh, tina katoegenahna teu babakoena.

Euge mah kahareup geus teu kcedoe ditjaritskeun deui, tangtoe Volksraad dibere waktoe noe semena-mena piken ngeroes ieu perkara sarta pamarentah oge hajang piakan-

teuk pikiran tina hal ieu. Tapi sanadjan pamarentah sasat masih roegoep rapap keneh ege, lan-taran beubennangan papariksaan ta-tjan aja, tapi pamarentah geus bisa netepkeun voeroetkeun katerangan-katerangan noe geus diodji, jen ieu kariboetan di Pasoendan djeung noe geus diadjar di sedjen-sedjen tempat, gawena bangsa Coministen noe mistna rek nge-

Ti pipir hawoe

Taoen 1927

Gelenjoe, rek imoet, lain pedab taoen-baroe itoe, ngan pedab taoen Waoe, tjeuk kolot mah sok renbenj beu-waungeun rambaj hakaneu, pepe-lakan sagala dijadi gens henteu soen-ringki deni, moenggoeh Soenda arek soendoel, disesdek nadjan soendek ngan hadena koe noe boetek.

Soekapoera ngadauen gorra. H. L. S. Pasoendan ugadeg, elidna bet pang-reana.

Ndehoen ka seuwu poetoet noe ngabantoe, djangga wareng, noe ngareng-reng, oe-deg-oe-deg anoe ngadegkeun.

Oerang Bandoeng enkeur poedoeeng, pituep keur massian, ambeh-deukeut ka Tegal loear malah mandar dijadi djanglar, kaschoen kalingga ga moerda, batinna ka noe Ngajoega Soenda, lahirna ka Poesaka-Soenda (Java Instituut) geura hoedangkeun harring halenang Soenda Tjandjoer katalandjoeran, ngue-seup djeler, make djedjeur emas, kahajang teh saeutik patri (mahi) bae.

Keun bae Congres Pasoendan teu meke boeroendoel menak ti Kidole ge, iringan para toemenggoeng, da ieu mah, hadjat sapoleekanet, meuntjt endog, pilakadar.

Malah mandar bae kateroosan koe seuwu poetoet. Kandjeng Praboe Siliwangi ajeuna mah pedab taoen Waoe tea, mangga njarung anoe njeki (leutik) mangka hoedang oerang tegalajad.

Pamarentah djeung kariboetan.

Dina koempoelan Volksraad po-Saptos tanggal 4 boelan ieu, wakil pamarentah voor algemeene zaken, Mr. J. J. Schrieke, geus medar katerangan pamarentah tina hal kariboetan noe kamari ieu.

Bansdjan pamarentah hajang oge mere katerangan anoe satjoekoepna ka Volksraad samemeh boobar koem-poolan, taja petana bisa, lantaran teu aja waktoena geusas mikir-mikir djeung nimbang enja-enja sagala roe-pa katerangan noe katampa ti mana mendi, tina sakabeh noe njekel kakawasaan koedoe ngheulekaneun haula ngomean kaamanan djeung kakerta-cagara. Katerangan-katerangan noe geus tetela ajeuna noe aja di tangan pamarentah, kakara kapanggih tina laporan-laporan ponggawa nagara noe saeutik keneh pisan. Pikeun ngajak-teun papariksaan noe leuwih djaceh, leuw

Tjeuk abah: Naon margina aluh-teh, noe mawi teu atjan geura garwaan keneh bae? Tjeuk bawi raoe mamang mah asa bade ngantosan naon-deni, pangkat loehoer, gadjib make aja ratoe tiloe-opatna, toeroeg-toeroeg plilieuh apan teu kirang, bade ngilar Mulo, H. B. S., sakito rajapna. Naha parantos kagoengan kikindeuan?

Walon eta nonoman: Ari mamang bet loslos kana perkawis gadoeh bo-djo. Naha kagoengan kanidat kitoe? Saha tea, njoehoenkeun disoendakeun bae, oerang manas?

Tjeuk abah: His, sanes koe kitoe-na, mamang mah kawantoe kolot, eta bae sok geregeuteun ari ningal noe lila teuing aberna teh, moen di, ha-jam mal, sok hajang geura ningal bintihua. Ari kanidat-kanidat kitoe teu timoe kolot mah sok sieun njala-han, geus beda pamendak sareng baroedak ajeuna mah, ieu mah tina

koe panasaran bae.

Nonoman: Ari sajaktosna mah poetera oge seting mikiran maueh, gede-gede teu gadoeh bodjo, moal pisaeun boeboedjangan lami-lami, da di oerang mah katalian keneh koe adat, sareng kirang raoe bae deui teoteeanan kien teh. Nanging, edas, sihoren milih pibodjoeun teh sanes loemajan banggana ari noemoetkeun ratatan elmoes mah, sanes perbawa napsoe. Paingan, moenggoeh di bangsa Eropa doegi ka seueur anoe nepi ka sepoeh teu njonjaan, nja eta 'ma-nawi tina' asakna pamilih, henteu lamo win, dapon gaproek tea.

Tjeuk abah: Moal lepat nja kitoe, ngan dina pamendak mamang mah, oerang Eropa teh kawasne, kadiabi ti lantaran ngarasa bengga dina milihna, aja deui auoe kapaksa koe kaloehoe-nigan kalboena, reh njaah ka iboe, ka saderek, bisa matak ngoerangan kana kanjaahna sareng pangoeroesna

BAROE TRIMA.

Roepa-roepa sigaren: Sigaren Karel 1, Moortjes, Ameropa, Delftsche post. Sigaretten Abdulla, Clysmo, Felucca, Maaspero Kyriazi.

Roepa-roepa port malaga etc.
Katjamata-katjamata man, nikkel, double

Premier Chemicalien Handel

13 TASIKMALAJA.

TECELFABRIEK

"N A J A"

Genoengabedul
TASIKMALAJA.

Midamel roepi-roepi tegel, pangaos sareng kakiatan ditanggel ngabingahkeun.

Oegi midamel gambar boemi (rouw teekening), pangaos tiasa badanten).

24 Directeur.

Toko SOENDA TASIKMALAJA.

Telefoon No. 56 10

Dina ping 10 Sept: parantos nampi kintoenan 12 roepi piraaksoekaneun Palmbeach anoe kabantoen koe Kapal S. S. Jan Pietersz Coen pangaos f 8,50 t elo doea kai lebar, doepi sanesa teu kantos dipoedji deui langkoeng cetami ningalian koe andjeun saraos dipoedji diaas-sae oge, hen-teu aja goenana cepami barangna soelaia sareng pamoedji.

Topt Botti Kaloeuran Fabriek Dewell, noe paling sac, pangaos f 8,50 No. 56 t/m 60.

„Bagaimana madjoenja orang Boemipoetra ?”

Itoe tiada lain, melainkan dengan pelajaran jang amat baik.

Het Algemeen Onderwijs Bureau di Bandoeng jang terlama berdirinja di Hindia ini, memberi pelajaran disoerat (schriftelijk) oentoek matjammatjam examen dan pekerdjaan.

Jang diadjarkan di sitoe lebih dari 30 cursussen, saperti : Bahasa Melajoe bahasa Belanda beladjar menoerat Melajoe didalam soerat kabar. Keterangan pandjang lebar ada di dalam prospectus jang boleh diminta dengan gratis.

Padjoekanlah diri Toean sendiri.

Het Algemeen Onderwijs Bureau

Naripan 90

Bandoeng.

Dr. Tan TJOEN HAIJ

ARTS

Di Kebondjokoet Zuid Bandoeng tjaket tilas boemina
Djr. Dr. SALEH Marhoem.

Waktosna :

Endjing-endjing 7 - 9

Sonten 4 - 5

Toko Boekoe

WEBER

DJALAN STATION № 12.

TELF. № 13.

Prijscourant Anjar.

Parantos sajagi :

Barang-barang seueur sareng marirah Prijscouran kenging dipendoet di Toko stanapi koe kartoe pos.

Hoermatna

H. E. Tailor Weber.

Ketoe Oedeng Makerej

HALIM



West Pasur straat 16 Bandoeng

16

Satamina njagikeun ketoe Oedeng model Bandoeng tina roepi-roepi batikan sapertos batik Tjiamis Solo Banjoemas s.s.t. ngawitan pangaos f 2,25 f 2,50 f 3,- f 3,50 f 5,- sareng saterasma noemoetkeun koemaha saena Oedeng bae. Sajagi oge ketoe Oedeng model wiron anoe nganggo diwiroe sareng eindol ngawitan pangaos f 3,- f 3,50 f 4,- f 5,-

Tiasa nampi kengkenan ngadamel ketoe Oedeng.

1 Oedeng didamel 2 ketoe oedeng f 2,-

1 Oedeng f 2,50 f 3,- f 3,50 f 5,-

Model wiron tambih dina 1 Ketoe Oedeng f 0,50. Sareng njagikeun sindjang poleng, geroesan kaloeuran Bandjaran Bandoeng pangaos f 2,50 f 3,- f 3,50 sareng f 4,- mangga djoeragan djoeragan geura njarobian sareng enggal njeratan ngangge. Adres anoe dilohoer ieu koelan.

WAWATJAN

SADJARAH AMBIA

NGAMOEK!

NGAMOEK!

NGAMOEK!

3905 BOEKOE

anoe parantos padjeng doemoegi ka ping 9 December 1928.

Angoeuh pangreugreug manah, soemangga ieu di handap tingali, saba-gian alit ti para djoeragan anoe parantos nimpahan Wawatjan sadjarah Ambia :

1. M. Soekardi, Iste Int. Onderwijzer-Bandoeng, 35 boekoe.
2. Rd. Abdoel In'an, Chalipah-Tjikdeng, 35 boekoe.
3. Rd. Abdoerahman, Hulpenderwijzer-Soekaradja, 35 boekoe.
4. Rd. Kartanagara, Ass. Wadana-Bajah, 35 boekoe.
5. M. Wirapradja, Djeroetdelli onderdistrict Tjibungbin 35 boekoe.
6. M. Prawirasedirdja, Ass. Wadana-Tafaga, 56 boekoe.
7. R. P. M. Sajoeti, Naib-Parigi, 70 boekoe.
8. Rd. Iswari Adj. Secretaris Reg. Tjandjoer, 70 boekoe.
9. Djoeragan D. Widjaja, Schatter Pandhuis-Soekaboeini, 110 boekoe.
10. M. Kd. Martadisastra, Gep. Schoolopziener-Mangoenredja, 140 boekoe.

Anoe ngagaleuh kirang ti 35 boekoe aja reboena djalmil.

Leundjeuranana ieu Wawatjan sadjarah Ambia njarioskeun tina nalika Goesti Allah ngadamel Noer-Moehammad doemoegi ka poe poesna Kangdjeng Nabi Moehammad S. A. W.

Anoe parantos rengse ditjatakna:

Djilid I t/m IV pangaos f 1,- Franco di post f 1,50 Rembours f 1,65.

Oepami timpah:

Pangaos satamatna moeng f 3,50 Franco per post

Erggal ngintoen artos f 3,50 reh atoeran timpah waktesna moeng sakedap deui.

Noe ngadjeng-ngadjeng pesenan

Boekhandel & drukkerij M. I. Prawira-Winata

Katja-katja wetan 132.

Bandoeng.

kahalangan koe lantaran garwa tea. Ari eta maha noe lantaran kakaoeran geus sanes tjarioskeuneun.

Nonoman: Jaktos pisan kitoe, poe-tra oge parantos mendakan pirang-pirang. Ari poeta maha mamang, noe djadi babakoe kaewed teh ajeuna, taja sanes moeng dina millihna. Geura noe djadi sesah teh, di oerang maha atoeh saperkawis kedah noe matak tjojtog djinis pada djinis, kajihna kedah noe tjojtogeun sepeoh. Da emoetan poeta maha lepat, oepami milih pidjodoeun leupas pisan tina pangdowana sepeoh teh, nadjan ajeuna oerang parantos sanes aja dina alam kawin paksa pangremo tea oge, tina aja adat tjiri saboemi tjaresadaea tea.

Tjeuk abah: Kantenan pisan. Doeipi eta noe djadi sesahna tea, tah naon atawa koemaha dina manah alo? Tjing mamang hajang ngeoping! Nonoman: Ari kedah dibedjer beuskeun pisan maha kasesahanan nja kantenan pandjang, na'ging karaoe koe poeta pribados ajeuna, reh parantos lami ngileng-ngileng, malah sok radjeun nalengteng poeta teh ka noe tjonggah mah, bet teu atjan seueur pependakan teh, nembe aja hidji doea bae, kitoe oge doeka ari moelocs henteuna mah.

Abah: Ke, ajeuna maha oerang tjindekkeun bae, eta noe dipilih koe alo, noe koemaha? Tjing hajang tereng naha sapatotos sareng loeang kolot?

Nonoman: Atoeh manawi nja sami bae mamang, moal benten; geura sa-

pertos poeta ajeuna, ngilarai teh pibodjoeun, noe sakinten piroenteteun, nja eta noe diilari teh kahidji bangsa, hartoana: noe saadat, sakasoek

sakadoeka, sakaresop, sapapait sammamanis. Eta sadaja moal kapandak loejoena oepami teu sabangga tea, boh bangsa kabangsaanana, boh bangsa pangadjaranana. Paingan kolot baheula sok ngahulakeun kabarajaan, sihoreng nja ieu manawi noe diodag teh dina kalocloesananan, pedah moal sakoemaha bentenna dina per-

kawis atikanana noe mawa kana sarat-sarat kabangsanen noe tadi tea. Tah ari ajeuna tiasa prahua teh koe pertawa pangadjaran tea, nadjan lempas tina kawargian oge.

Tjeuk Abah: Noehoen atoeh ari parantos mapaj ka dijajana sagala maha. Margi eta lo, ari mamang maha. Geura lamoen heug oerang boga bodjo ka bangsa sedjen, manawi jaktos sadjero panganten keneh maha kaelih koe kaasih tea, nja moal pacilungsiangan. Nangang koemaha ari geus laas papangantenan, oerang hajang tjobek ontjom hajang ngabandoengan katjapi, hajang njotjol sambel, menren diamedeo moal miloe soeka, da teu ngeunahna, geus bae patoekang-toekang, oerang ngaler itoe ngidoe. Ari koedoe wajahna saeo-moer-oemoer, bet abong deui.

Nonoman: Ah, ari eta maha per-kawis alit, teu matak sakoemaha djadi waelanana, sareng sok aja oge pangbangbrangkeunana. Moeng ari

Terasna dina lampiran,

Wartos ti Administratie.

Djoeragan Sbd. Bandoeng langganan 413. Leres artos teh parantos kampi. Njoehoenkeun ditawakoep bae.

Djoer. Langganan di Talaga. Ah eta maha moal aja bekoem a'denda. Oepami nampi doea maha noe hidji deui sae ka sahakeun bae, minangke propaganda, oegkena engkana djadi langganan.

Djoeragan Lembana.

Djoeragan Lembana vroedvrouw di Tasikmalaja ngalih ka Bandoeng. Mi-on ti Tasik dinten Djoemah 10-12-'26 teloeh 7 langkoeng 26 menit. Seuneur noe djadjap ka station, babakoeuna mitra-mitra sareng noe parantos kae-hoestangan koe djasana djoeragan Lembana. Moegi-moegi andjeunna di Bandoeng ginandjar basoeki salalimana sareng djoeragan-djoeragan di Bandoeng bilih aja kaperloeun noe haje barabaa ka djoeragan Lembana. Di Bandoeng boemina saheulaan di Poengkoer.

KABAR

Tina s. k. Walanda. Soedarmen pagawena toeau Quix di Batavi keur toempak kareta moesi

ti penting diureutinkuen koe poelisi teu noeroet. Toeloei dipakaa diureunkeun. Poelisi oejekel pesto, lantaran njangka Soedarmen rek njokot pakarang. Pestol kataradjang koe Soedarmen, pestol bitoo, Soedarmen maot di roemah sakit. Dipariksa Soedarmen iain koeminis. (Dico wak-toe werit kieu kshade sing ati-ati koedoe geuwat noeroet kana parentah poelisi Red.).

Kariboean koeminis eureun. Perdjagaan militir di sawareh tempat mimiti diboeangan. Pokrol djendral noe kakara pangsoea njarita ka Ane-ta, jen perloe 2000 koeminis diboeang ka Poelo Papoea, sarta koedoe aja noe dihoekom mati pikeun tjonto ka rahajat.

Kg T. Besar nawis bisloet boegan 7 koeminis asal ti Batawi, djeung Bogor, tiloe ti Krawang, djeung 14 ti Priangan Tengah. Diboeangna ka onderafdeeling Digoel Girang di Poelo Papoea beulah kidol diparentab koe hidji kapten djeung Civil-gezgheber.

Motie Braambeek (S. D. A. P) di Tweede Kammer menta soepaja aja koemini noe ahli make octosan pa-gojoeban sagawa pikeun mariksa kaajaan bahja katjilakaan (veiligheidstoestand) di jaluan djalan kareta api ditarima teu kalawan distem.

Aja bedja ti Puerto Mexico aja doea agent pikeun ngabasmu inoeman keras di Amerika sarikat ditang'kep koe kapal noe rek papalingan mawa inoeman keras. Tapi ajeuna eta doea agent geus dileupaskeun deui sarta henteu diktoe-kieu.

Koeminis-koeminis noe diboesang ka P. Papoea Kidole nja eta: 1 Boedi-setjetro, 2 Heroesprano, 3 Soekrwinata, 4 Hamid Soetan, 5 Achmad Bashaib, 6 R. M. Gondhojewono, 7 Sisoeh, 8 Sardjono, 9 Soeprodjo, 10 Genoko Koessno, 11 Mochamad Sanoesi (oeroet goeroe H. I. S. djeung Redakteur "Njala" tijitjing di Bandung), 12 Darmoprawiro, 13 Endang Kartasmatadja, 14 Wardi, 15 Walikin, 16 Djoesmeno à Soediro (Bandoeng), 17 Soebrata à Kartasopera, 18 Roekmans, 19 Kartadiopoera, 20 R. Iman Wiadi a Brotowinoto, 21 Liman, 22 Alidiamdjia, 23 R. Awan Djajadi-redja, 24 Soegeb à Kartomidjojo.

Koe sabab ajeuna oesoom riboet keneh dijolema-dijelema koe Goepermen dilarang njeungeut pepetasan, oge dina pabaroe Walanda.

Kabar dagang.

Pasar Soerahaja dd. 11-12-'27. Kopi Robusta f 55 à f 56. Karet sapos 92 cent à 104 cent. Kapoek bersih sapikoel f 73 à f 79. Stik kapoek sapikoel f 3.70 à f 4. Beas Bangkok (Siem) A 1 sapikoel f 7,95 A1 special f 8,26. Beas Rangoen sapikoel f 8,38 à f 8,80. Beas Saigon Java kwaliteit sapikoel f 8, - No. 2 f 7,40 à f 7,52. No. 1 sapikoel f 9,10. Soecek sepi di pasarna Gaplek (Djarangking) sapikoel f 8,20 à f 8,25. Djatesan bodas f 16, djinten hideung sapikoel f 13,50. Kopra sapikoel f 16 à f 16,85. Djagesakojan f 115 à f 125.

Stationsweg 21 Tasikmalaja.

Tina nampi pompa (longboana) agamede oepi-roepi raksoekan negara-eu pameget stanpi moeraengkalih medanane nja neemeticana sahema kapele, sareng diajagikana oepi-roepi lewana.

Oge nijagulan elo-plop, sandal-sandal spatu-patu ketoe edeng model Djawa sareng. Sesada Kopeah basoedres ese kaser sareng noe sae.

Hoermatna noe ngantos pesenan pecan D. Sasmita.

N. B.
Tjeuk-Panama
condidmel tua pain... f 0,-
" " " " " f 2,50
drabu (panciran) f 0,25

ADRES NOE PARANTOS KASOHOR

DAHJAN

Toekang Mas Roemah 18.
TASIKMALAJA.

Ngitjalane oepi-roepi perhiasan maha sareng perak, damela pribades, sareng nampi padamelan asperion! Ngademel pending (band) pinggel peniti, soember, lippen, padamelan ditanggel sue sareng caggal.

Djabi ti eti agitjal oepi-roepi erlodji sakoe, erlodji taengs, weker, dompet alpaka model anjar sareng souer-souer deuri perhiasan mangga djeugardjoeuran enggal sarumping see-pades koemina.

Tina Teatoestelling Tasikmalaja parantes hanging:

EEREDIPLOMA MEDALI

3 MAS.

Sajagi kareta Mesin Merk SIMPLEX sareng Merk Europa (England).

Sajagi Auto Banden Michelin, Goodyear, Dunlop, harga mirah, sareng prabot AUTO roepi-roepi mirah.

Inditna AUTOBUS

ka Gartoet diam 7 endjing ka Koeningen diam 7 endjing ka Karangnoenggrai diam 7 endjing ka Bandar diam 7 endjing sareng diam 18 endjing.

Lindha & Tako Beng. Sareng parantos sajagi Glas (loemoer) oepi-roepi Kleurna, aperti beureum ngora, hedja ngora, boelao ngora, koren ngora rowa keneh roepa-roepana kleur, sareng kembang bodas nganggu strip Mas.

Stopflesch noenganggo djing-djingan Winkelstiel (koeler tempat koeweh) oepi-roepi, anoe saliter sareng noe saliter satengah.

Roa keneh barang noe marodel sa-djaja ti eta.

TOKO BENG
Tasikmalaja Tel. No. 2.

KLEERMAKER

M. HOESEN

KIDOEL STATION

TASIKMALAJA

Nampi padamelan roepi-roepi anggoan, ditang-gel sae, pangaos mirah.

Toko en Drukkerij Pascaean
Tasikmalaja.

Ngitjal saniskanten boekoe pa-nagadjaran sakola sakola sareng asean sepeoh anom.

Nemto medal wawatjan Angling darma f 1,75
Nji Sari Kingkis f 0,32
Poetri toedjoech balebat f 0,60
Neng Hajabi f 0,50
Paririmon sepeoh f 0,15
Bianbara Democratie f 0,18
Batararama 3 djilid f 1,50
Ardoena Laras Konda f 0,75
Minjak moestika f 1,-
100 Kwintatje sakola f 0,60
(model paling enggal).

Djabi oegkos agitocaewa.

Ngalih

Dina kaping 1 Januari bade ngalih ti Tasikmalaja ke Bandung (Kadjaksaan 20).

Boekenverzendhuis

L. A. LEZER.

Prijscourant 1927 parantos sajagi.

YO TEK SENG

(Toko PIRING)

TASIKMALAJA.

Telf. 70.

Per S. S. "UARDA" dari Hamburg (Duitsland), kita ba-reo trima roepa-roepa Stoples dan Winkelstiel (koeler tempat koewe-koewe). Sebab kita senga-dja pesen Winkelstiel dengan me-noeroet kita poenja model, maka pembeli kapan ada jang toetoep-nya petja, soesa dapat gantinja, sekaran kita sengadjadja pesen toetoepja, soepaja pembeli tida menjesel barang mahal tida ada toetoepja.

Pada toean-toean jang soeda beli Winkelstiel dari kita, kapan toetoepja petja, bisa dapat beli dari kita dengan harga f 0,75, satoe bidji.

Kita pesaja Stoples dan Winkelstiel, kita tanggoeng kaloearan Fabriek di Hamburg (Duitsland).

Bade diitjal AUTO STUDBAKER

5 zits, masih sae

pangaos f 1200

Kenging naros ka noe ga-doehna.

M. v. den HURK

Hoofd den Eur. school

Tasikmalaja.

BOEKHANDEL & UITGEVERIJ TJIKIRAJ SOEKABOEMI,

Orang Soekaboemi kapati-pati koe boekoe Kulie-Atjih, di Tjandjoer sareng Baudoeng galaoedjroet koe loetjoena istri pengkab dina boekoe Kasoeat koe dorist, as-Passendan henteu aja noe ten kagembang koe Agen Permas karangan Joehana tins anal-anehna.

Beekhandel & Utgeverij Tjikiraj Soekaboemi ajeuna parants ngaloe-ar-keun deui boekoe Tjarioen Pegat Teendangs noe tangtos bakal diprookproek koe panjebeet loetjoe ti sepeoh-sepeoh sareng soegih koe pamoejdji ti para intu!

Babasan dina ieu boekoe ten kedah dipoodji deui, esteo margalojoe ninggang dina wirahmana. Ieu tjiarion hidji kadadian noe ngeri pisan moeng oelah lali salempaj tadi tjirotja.

Pangaos sadjilid tamat moeng f 1,10 djabo ti ongkos ngintoen.

Tipoeng Hoenkwe tjam Boengah damelan Njonja Tjoa Tjoen Goan Tjitjoeroek.

PIKEUN SASIH SIJAM

Teu aja deui sanes roepi koeweh noe pangrangsasna ka-jabi ti koeweh-koeweh anoe didamel tina TIPOENG HOEN-KWE tjam BOENGAH. Koeweh noe didamel tina ieu Tipoeng aja masihan rasa, senungit, adem sareng ni'mat ditoeang, sinareng tissa masihan nafsoe kana dahar, pikeun BOBORAN SIAM.

Pikeun djalmi-djalmi noe saraoem, langkong sareng sajagi ieu Tipoeng Hoenkwe, margina pikeun ngarot kopri atanapi thee, ieu koeweh kenging diebatkeun No. 1.

Saha-saha noe saraoem sering kirang nafsoe kana dahar, tapi oepami kersa njobi kana sapotong AGER HOENKWE atanapi PUDDING tinangtoss dijadi kalintang nafsoena. Seuseunrau dina BOBORAN SIJAM sok rasa ngaleuteng noe tis-tis, nja eta saraoepi ieu sareng sirop, komo bae oepami nganggo TJENDOL noe didamelna tina TIPOENG HOENKWE tjam BOENGAH, tang-toe dijadi kalintang nafsoa.

Pangaos f 0,25 sapak. Pesen paling saeutik 15 pak, dikin-toen remboura.

Atoean nganggona Gratis!

Njonja Tjoa Tjoen Goan
Tjitjoeroek, Preanger.

SIK DJOEN KWAN TOEKANG CIGI

Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu diteloeleng koe ahlinna (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan, anoe teu antoer pisan ngadjadikueun kasawat halendeng poesing, njeri patosangan, sesek napas, eveng, teu aja napoe kana barang toeng sareng sanes-sanesna. Ieu saaaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg toko noe nja-sigkeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilan-dongan koe sim koering kalawan ditanggel.

N

poetra mah eta bae emoeet kana kawadjean, kedah moelang tarima ka lembih tja serangan, nguras kahoe-tungan, ieu doegi ka segede kieu, tiasa kien teh koe lembah tja serangan, ana mawi sati-si-tiasa hiroep teh geena lemah tja sapanzeusina, ateh dina koemaha mukem kassangan en ngataekun beubentungan resaha tba haryag ka toe gadoe hat ketab nampi, nja eta ka istri pangensi lemah tja pribadesia. Asa ieu pisan poeta mah oepami aja ka gedeh dina parantos tjoemarta sok ka deungeur, nya eta tiza romanes ti naik driojeun teh koo oeraag dieu.

Tjiek Abah: Bade dimanah, ka dingen mangga ari tjara mamang mah, da ande disoehoekun teh eta bae eteh i s kazu nof ngajauasna, nja eta tina njauh ka panensi Sapoena tea memang-muh, oepsuri heutu ditjurundak koe anoe karagoeman hidies, ateh kantenan lipoer ksbaed batver, asa matak tu aja madjoona arit koton mah, da poer-les-poer-les teu kabaendung koe itee, teu kaer siroengen, apau geura rereava mah istri ana ges kop koe dungeen, ija dijadi deungeen, dijadi Eropa tea dijadi njauh tea, atoeh pamiget ari ges kop ka njauh, rampoeroneng sek dijadi teun: ges bae Soenda kauhan kalamerone, ari kitoe mah ollokod hak katorontjolan tea ngarauna.

Geura eta bae sapertos ka anoesok niebat vaderlands heftu, tjipta-bangsa, ari garwana ka njonya, bet asa teu pegeoch tjiek kolot mah ot teh.

Nonoman: Jaktos, poeta oge teu panodjneka' noe karitoa teh, nanging ai ngalepatkeun pisan maan teu ihesa, margi dina perkawis eta emietan poeta aja doea roepi lantaranan, nja eta aja anoe mangproeng, karoengkoep koe nepsos, saeng aja depi anoe didasir manah parantos Eropa, ganti ka rasu-rasana, teu aja Soendana, nja kantenan ka manu lojogna bae. Dijadi anoe kedah dilepatku teu sepehdha.

Tjiek Abah: His, atoeh ari ka anoe parantos dijadi Eropa mah, poeta sapertos teuan Darma, teuan

Hekker, teuan naon deni geuning ajeuna mah da rajap, inamang oge tau bade pandjang tjarios, da kitoe soeroepna manewi. Aeh, baha bet ius-los ka njauh, kapan cerang mah keur ngeroeskeun pigarwaen. Ijing cerang balikan deui. Eta geura poeta aja skitoe rajapna kaloearan Mulo, kaloean Kweekchool ajeuna mah poetr(poeta) metak deni. Na koemaha nee mawi teu katjatet tjiek maning mah asa kirang koemaha.

Nonoman: Kieu margina mamang anoe mawi aldi teu tisa euggal mihi cenanah teh; saperkawis ditinggalia bet eta peteten anoe diipoek didiua teh, ges sanes istri Soenda, dua paningal poeta mah, dijadi enon tironan; enon sanes, Soenda sanes, teu ka ioheer ieu ka handap, nja tjara pameget dedjebolan tea bae. Dina emoeetan poeta mah atoeh oepami bade dijadi enon, sing nepi ka tamat dina karenanana, dijadi enon anoe beschaaf, oelah enon hedjo, rok dijadi Soenda ateh sing bener Soendana, Soenda anoe pantes ajeuna, Ari ajeuna kob istri-istri stanapi koe pameget nonomau teh babakoena anoe dijadi teh Eropaan, nanging Eropa oge sanes Eropa menaku, Eropa eta bae inoen di orang mah Marhaenana tahapan handapna, da ari kana Eropa beschaaf, anoe mawi ari poeta mah mamang istri-istri Soenda teh kedah tetep dina dadasar kaseudan, dipapesan koe Eropa 'moeija, Eropa beschaaf. Atoeh panganggo, panganggo Soenda, da ges teu eloh aloses, teu eloh manis, teu eloh soorop.

Tata, tata Soenda, rengkoh-rengkoh Soenda, tagog, tagog Soenda sanoe wanter oelah anoe koempak-kompol, sasaoran-sasaoran Soenda anoe pratengtang lengton Soemedang ari keur tjampoer djeung pada Soenda mah. Tapi koedoe bisa ngabedakeun dina tjampoer djeung Walauda, koedoe bisa lolondokan tea

Nembe dongkap ka dinja ngobrol

ditjarontoan koe sepoeh deuih, ges baai baroedak nooroetan. Kapan mamang mah parantos mendakan istri panggoeng, dueka garwa saha, da disebutna Raden Ajo, apan marag dancsa ka JaarLeurs ka Bandeng, ngadon atjreug-atjeugan di pakalangan. Emoeetan mamang mah tah eta anoe kitoe anoe pohara lepatna teh. Ari margina kieu: Pantar Raden Ajo, ngibing di Jaarheurs teh, teu sakoe-maha tenjina ti hidji boepati engklak-engklakan di aloen-aloen di bandapeun tjaringin. Aja saieuheung ari dangsa di gedong karesidenan mah atawa di kaboepaten, lain dina tempat mama-roeng. Anoe mawi ari kana dangsa mah oelah dipiroetjaan kahajang teh, matuk kalepasan, mangkaning ges aja tjontona istri anoe kabandang ti puungdungsnan teh.

Nonoman: Allah ari mamang, poeta tra mah sanes oelah deuih, malah oelah pisan istri cerang dipiroetjaan kana dangsa mah, geura mangga papaj perkawis dangsa sareng tempat dangsa di Eropa, inst k moeringkak boeloe poendoek. Tah di oerang oge ana ges kalopasan mah dijadi enon tironan, kawas kana kararitoe deni bae djadina teh. Anoe mawi ari poeta mah mamang istri-istri Soenda teh kedah tetep dina dadasar kaseudan, dipapesan koe Eropa 'moeija, Eropa beschaaf. Atoeh panganggo, panganggo Soenda, da ges teu eloh aloses, teu eloh manis, teu eloh soorop.

Tata, tata Soenda, rengkoh-rengkoh Soenda, tagog, tagog Soenda sanoe wanter oelah anoe koempak-kompol, sasaoran-sasaoran Soenda anoe pratengtang lengton Soemedang ari keur tjampoer djeung pada Soenda mah. Tapi koedoe bisa ngabedakeun dina tjampoer djeung Walauda, koedoe bisa lolondokan tea

Nembe dongkap ka dinja ngobrol teh kaboeroe dijol tamoe. S:

PROGRAMMA.

Congres PASOENDAN, noe diajakun di Tjiandjoer diua ping 25-26

December 1926.

1. Maalem Saptroe (Kanggo oetoesan) (24 December).

a. Djoeragan Voorzitter H. B. Djariroskena kaajaan Pasoendan sareng Ma-

hajoe, soepados tambah djalau issa lebet ka Osvia, kemo oepami kalo-

jongna ka dinja mah, da engke di Osviana kedah diadjar basa pribomi

samoeogen ti Mulo ten.

Noemoeetkeun voorstel koemisi, sakemaha ari parantos diserat dina Sipatahoenan minggo pengker, kandi-
dat Osvia teh ditetepkeunana koe Geperneter di Pasoendan mah. Emoe-

ten djisim koeritg, eta perkawis henteen kedah dhango leutik manah, atawa dienggo tjanjtja koe cerang, da hakal saini bas kadijanana mah, da kapala sakola oge kapan diparentah deui.

b. Biantara djoeragan So riadira-
jina tina: "Oerang Soenda teh res di bawa ka mana?" diambang koe hal "Pangadjaran".

1. Hal sakola desa.
2. sakola kelas doea.

3. candidaat school-pziener.

4. opleiding goeroe desa.

c. Biantara djoeragan Odjoh tina hal "Kahardjaan desa".

d. Vorstel Tasikmalaja.

I. Hal padjeg.

II. Ngaleungitkeun dendaan dina taechan.

III. Padjeg roemah tangga make potongan anak.

IV. Hal ooang-sakola: Ngoeroesna le en II de kind.

III. maalem Minggo (25 December)
Ti taboeh 7-9 nera-keun voorstel
2 tjabang. Ti taboeh 9 doegi ka sa-
terasna K A T J A P L.

IV. Minggo siang (26 December)

Neraskeun voorstel-vorstel.

N. B. Doeptempna congres baris
ditarioskeun koe noe mapag
di Tjiandjoer.

HOOFDBESTUUR.

Kandidat Osvia.

Soegri anoe hojeng lebet ka Osvia,
kedah ka Mulo beula, sareng di Mu-
lonia kedah diadjar basana pribadi

ditambah Malajoe.

Diaidance para poetra ajeuna ges-
aja di Mulo perloe poetranan sina ngi-

ring diadjar basa Soenda sareng Ma-

hajoe, soepados tambah djalau issa lebet

ka Osvia, kemo oepami kalo-

jongna ka dinja mah, da engke di Osviana

kedah diadjar basa pribomi samoeogen

ti Mulo ten.

Noemoeetkeun voorstel koemisi, sakemaha ari parantos diserat dina Sipatahoenan minggo pengker, kandi-
dat Osvia teh ditetepkeunana koe Geperneter di Pasoendan mah. Emoe-

ten djisim koeritg, eta perkawis henteen kedah dhango leutik manah, atawa dienggo tjanjtja koe cerang, da hakal saini bas kadijanana mah, da kapala sakola oge kapan diparentah deui.

Noemoeetkeun aferan ajeuna kandi-
dat Osvia teh (pimoerdeun Osvia)

ditetepkeunana koe Direktoer Onder-

wijs (Dipartement) sanes koe kapala

sakola. Kadjadianana teu pilih Aom

tu pilih Agun, ngan koemaha kapin-

teranana. Benten pisan sareng ngale-

betkeun ka Osvia keur aiam 20 taen

kapengker. Ajeuna mah di Osvia teh

sapertes di H. I. S. bae, aja poetra

leerah, poetra padhang, poetra djo-

rootcis, poetra goeroe banfoe, d. s. t.

Emoeetan djisim koeritg oepami anice netepkeunana Goepernoer tangtos ba-
kal langkieng adil batan koe sasha • pi-
keun cerap rea, lantaran di Pro-
pensi-mah onderwijs teh aja dina

daempai panangan Lid Gedepateerde,
nia tanctos Goepenoer netepkeunana
ba kalan moepakatna atewa voor-
stelna lid Gedepateerde tea (wawakil

orang sareng).

Perkawis onderwijs taoen pajoen waitsna bakal dipusrahkenauna ka Propensi, sareng Soepados wargi Pa-
soendan, pada oeqinga nja warakil
orang, Djoeragan Oto Soebroto (Voor-
zitter Hoofdtestuur Pasenda) anoe

djadi Voorzitterna tina oeresan on-
derwijs di sa Propensi Pasenda teh.

Tangtos ajeuna mah kaoeninga jen

teu aja nikarempaenaua tina pilh

kasih Aom Aganna mah.

Nanging emoeetan djisim koeritg,
ien dijadi bidji pangdjoeroeng ka Pa-

soendan soepados salamina oesaha sa-reng ihtiari sing bisa ngasoepkeun wakilna kana Lid Propensi, da ana teu boga wakil mah, meureun dio-roes koe batoer. Koemaha lamoen pangoeroesna kaom Aom anoe tjeut-tjeub ka tijatjah? Tah di dinja mah tongan Pasoendan, bongan sorangan. Mana oerang koedoe mikir ti kiwari.

Seueur deui kasaeananan ateran ditetepkeun koe Gcepernoer teh. Sareng deui nadjan tading teu lebet kanidat anoe ditetepkeun tea, tapi di Mulona diadjar basa pribomei toer njoemponan papagonna, emoetan teu aja oendang-dendangna anoe ngahalangan pikeun asoep ka Osvia teh.

Djadi perkawis toelating teu aja padoseaneunana dedi.

Ngan aja perkawis sanes anoe per-loe dipadoean dibantah koe oerang sadaja, aja eta bilih kadjadian kahojongna koemisi, wireh aja hawar-hawar basa pataatos aja dina voorsteina oge, pamoedoeftua koemisi nangtou-keun soepadee-sadaja kanidat Osvia kedah koempeel-di Mulo noe aja Os-via tea diadijarna, djadi di Pasoendan kedah di Mulo Bandoeng bas, da Os-

via wartoeue baris tetap di Bandoeng. Ieu ngaroegelkeun pisau ka oerang Tjirebon, Batawi, Meester-sereung Bogor.

Koe margi eta koering njoeho-en-keun ka Pasoendan soepados dina kongres Pasoendan ditjarioskeun ss-reng disoehoenskeun ka Pamentah celah doegi ka dikedahkaun sekola di Mulo Bandoeng tea, njoehoenskeun soepados diaoter sapertos pikeun A. M. S. basa kenging di mana-mana.

Bapa boedak.

Saembara prang-pring-proeng.

Di dieu bade- ditjanoskeun perkawis saembara prang-pring-proeng tea. Noe ngintoea karangan tina ieu perkawis aja tiloan. Saparantosna Bestuur Pasoendan barempag sareng noe sarepoeh. nof langkoeng kaoeningana kana basa ladjeng Bestuur Pasoendan Tasikmalaja minangkapa mah Juryna,

moetoes karanganan djoeragan M. A. S. noe pikengingeun prijs ka hidji.

Di dieu moal ditjarioskeun naon margina noe mawi eta noe kenging prijs kahidji, margi katerangan tioa perkawis ieu saembara, sajaktosna teu aja noe oeninga leres, margi ajeuna teu aja noe oeningaen keur wak-tong ngawitan aja eta kaeolini, djadi sadaja katerangan moeng kira-kira. Pamoegi oleah aja noe kagoengan manah Bestuur Pasoendan Tasik berat sabuulah, da maksadna oge sanes bade njanggakeun prijs noe sae noe ageung pangoesna, ieu mah moeng tambo tiiseun teuing bas, noerctan noe sanes. Sareng noe ngintoean karanganan oge roepina teu aja maksad anggoeun kenging prijs, nanging roepina teh awahing koe tjuita ka Sipatahoean bas. Bestuur Pasoendan hatoer rewoe noehoens ka djoeragan noe does deui noe ngintoean karangan tina ieu perkawis, Jury bade njanggakeun tawis ngahargaan (waardeering kana kateranganan), nja eta hidji boekoe.

Pamoegi-moegi Bestuur Pasoendan Tasik ka pajoen tiisa laggkoeng sereng ngadamel saembara tina perkawis roepi-roepi kaanehan di bangsa oerang.

Ieu di handap karangan-karangan noe katampi tea.

Minggoe pajoen ditjarioskeun dje-nunganana noe ngintoean karangan tea.

Hormatna
Bestuur Pasoendan
Tasikmalaja.

Saembara.

Samemeh koering norangkeun, noe djadi panajogean baris ngamilik boekoe salosis, amit mateer heula ka "Rengrengan Soeratjaja" (jurij), nja eta diteda koemapeeroena nanggeuh-keun ieu noe tiloe perkara dina telenging galih, malakmazdar djadi pang-deudeul tandjeuran.

1. Teu mambruh kana persen koerring mah, moeroe sotek kana saembara miloe baungreung koe noe rek tandang di katangan.

2. "Bener" teu boga doedoega, teu tandoek teu oendak-oesook; ari noe make doedooga perjoga djeung wiwaha mah "bebeneran."

3. "Bener" manesa medalna djapakan, rokah doemelahnha tjawokah, andolek doersila pateuk, njarang larangan, eta sok paala-ala bagdja.

Toetoeg mihatoer ka "soeratjaja" ajeuna oerang ngawitan nerangkeun pasanggiri tea.

Moenggoebing karoehoen oerang nimbankeun pepeling pangeling-ngleling ilahar pisan koe silib, koe sindir, siloka atawa sasmitta. Djadi pangeling ngeeling noe barahela katampana koe noe arajeuna lir oepama omong konsong, lantaran ngambang perlambanganan, karean tjarampoleh nglolah basa, noe matak berewit soerti. Anoe loetjoo pisan pepeling teh didijen kakawihan baroedak. Ieu rea maksoedna:

1. Ngawarah baroedak roekoen djeung batoer, sabab eta kakawihan ngeunahna koedoe dikawihkeun koe lobaan.

2. Ngawarah baroedak mikaresep sarining kawih, sabab lameen baroe-deg ngawihna teu sareea embatna tara loetjoe, tjektjok njarekan noe salah.

3. Njieun djalan kaseokaan baroedak bari silih aseoh djeung batoerna, oelin diarahn mangpaatna.

4. Nemtongkeun pikaloetjoeunana baroedak. Saha noe teu kagoegees, geura, njeneung boedak menta bari ngawih? Koe polahna deungdeuleusun, koe kawihna dedenggeun.

5. Kolot loepoel kabentak koe kawih anak. Meureun kolot anoe soerti kasebit, katjivit ati, eusi kawih njeletit djeroning ati, njeser rasa noe ngadeg salocar diri sakoedjoer.

Kitoe, binangkitna noe nganggit boedak soeka, doemeh joemeh boga katjapangan, asoep oelin rea batoer; kolot seuri tjampoer ngeri, kagoegoe bari kagagas, katajdi koe eusi kawih. Demi kawih noe didieu pasanggiri tea eusina pikeun pepeling, jen djelema teh koedoe inget kana poerwa daksina, sabab djelema anoe eliug kana wiwitna doemadi, tangtoe hamno

daek ngabalangkak nintjak taktak, oetjoele moal nintjak haeloe.

Kieu geura etjesna:

Prang-pring-proeng saboeloe-boeloe gading = broetbret pararebat oerat-baoe djast, aja oerat mereketengteng.

Nja gading saoenda perang = poeng ka loehoer, poeng ka bandap gedoe deui-gedoek deui, boeloe ujwoeh njo-tjol dage.

Dieolang-oelang koetjoeboeng = si Lojogtadjinajaka mesat gobang ka boeojetan, panas tas titoetoeg njoeeoh.

Koetjoeboeng koeroewek doegel = tjoerige mandjing warangka, boeahna idjab kaboeel, sahadat wali djeung saksi.

Ari doegel ka simoentel = goeloeng djadi hidji, doegel toekel geus kabontel.

Djindel = tirta marta kamandaloe mentil petjil, geus ngadjindel toeloej njendol, abir ia petjenghoel.

Tah zakite poerwana manesa djadi.

Ari pangreungeu koering pokna kakawihha baheula baheula basa koe-ring keur boedak mah lain kitoe, tapi kieu:

Prangpring saboeloe-boeloe gading, Nja gading kasoenda (saoenda perang).

Ange-angge toelak djambe (saenja-na lambe).

Koetjoeboeng koeroewek doegel,

Ari doegel kasimoentel.

Hartina nja sareea keneh satadi, ngan anoe ti heula, dieolang-oelang koetjoeboeng, ari ieu angge - angge toelak lambe (angge-angge = oelang oelangan saperti dina oetjang-angge; toelak = gagang; lambe = biwir; angge-angge toelak lambe hartina = gagang oelang-oelangan kana biwir).

Boedak soeka boengah koe kawihna, da teu ngarti kana eusina tjarita mah; ari kolot seuri rada kapiasem disindiran boeatana, assa dipentaan adi.

M. A. S.

Ngawaler Saembara.

"Prang, pring, proeng."
Sip. No. 8, ddo. 24, 8, '26.

Prang, njandak tina ketjap perang.

Nging sanes perang ngadoekeun kasakten, ieu mah perang kasaoeran anoe estoe mareboetkeun hal bebeneran oemoem.

Pring, doepi tjeuk basa Djawa mah pring teh pisoendasunana awi, tapi ketjap-pring didieu mah anoe sanes kitoe pihartesseunana, bisa djadi tina ketjap breng hartosa baren, sami bae sareng noe njesemonan ka oerang, mangga bareng arandjeun didamel sasarengan noe mangpaat ka bangsa djeung lemah tjai.

Proeng. Ari dina golongan najaga mah prong teh bareng, ngamimitian nabehu gameban lagoe kebo djiro, naangiung dina proeng ieu mah sanes kana nabehu gameban, naingg proeng arandjeun geura prak didaramel anoe loejoe reudjeung waktue, sing sarapat kana mangga, loeroes jaras ninggang kana padjamanaan.

Saboeloe boeloe gading, sanes loetjoe koe roepina manek noe saboeloe boeloena gading, ieu mah perlambang bae noe djoedoel maksoedna kieu: kasadaja bae manah arandjeun sing sami sareng lisanna, mangka tjetjog sareng prakna, deui loejoe lajeut loe-loes roentoet, sarta roekoen enggong didamel sasarengan kana marga kasaan.

Saoenda oenda perang, hartosa saolah olah perang, naingg tadi oge parantos dipihatoer, sanes perang ngadoekeun kasakten, sanes perang make pakarang noe matak mahala, ieu mah saperti di sidang Volksrad, atawa di Raad kabupaten, sili debat mareboetkeun bebeneran noe mang-paat ka nagara katoet eusina.

Nja perang di Pangadegan, sanes perang tjampoel di tressan kampoeng Pangadegan, tapi ieu mah perang saadeg-adegannana, hartosa pikeun ngabela bangsa saparte sapartena, noe hakna teu ingkar tina adil.

Toeroene poejoeh, sanes pikeun poejoeh ti leuwung loemantoeng ka lemboer, nanging ieu mah toeroenna rajat (djelema rame) datang kana medan pagoejoeban, masing-masing hajang terang atawa mireng hak kamerdikaanana.

Aja samboenganana.